**Тест для учителей чеченского языка (по нормам)**

**Тест включает 10 вопросов, с одним правильным ответом - 9 тестов (по 1 баллу каждый), с двумя правильными ответами – 1 тест (2 балла).**

**Всего (макс.) – 11 баллов.**

**Тест считается пройденным успешно при условии:**

| **Оценка** | **«2»** | **«3»** | **«4»** | **«5»** |
|---|---|---|---|---|
| **Баллы** | **0-5 б.** | **6-8 б.** | **9-10 б.** | **11 б.** |

**Тест 1**
**ТIедиллар кхочушдарехь даьхна орфографин а, пунктуацин а гIалаташ диктантан мах хадош…**

1. ца лору
2. лору
3. доккха гIалат ца лору
4. пунктуацин гIалаташ бен ца лору
5. нийса жоп дац.

**Тест 2**
**Нохчийн маттехула йолчу талламан диктантан маххадорехь, оценка йуьллуш, ца лоруш дуьту:**

1. хьалха Iамийна а, йозанехь алсам пайдаоьцуш а йолу орфографин, пунктуацин бакъонаш талхош долу гIалаташ;
2. цIердешнаш а, билгалдешнаш а йацйинчу кепехь йаздар, масала: гIулкх (гIуллакх), гIилкх (гIиллакх), дикниг (диканиг);
3. къовсамечу меттигашкахь чолхечу дешнийн нийсайаздар, масала: пайдаэцар – пайда эцар, нийсайаздар – нийса йаздар, гIодар – гIо дар;
4. ихначу хенан хандешнийн йаздар, масала: бохара (бохура), моьттара (моьттура);
5. дерриг жоьпаш нийса ду.

**Тест 3**
**5-11-чуй классийн дешархойн барта жоьпийн маххадоран критереш йукъа ца йогIу хIара критериш:**

1. дуьззана а, нийса а жоп далар;
2. дешнийн нийсайаздар;
3. Iамийнчух кхетаран тIегIа;
4. меттан говзалла;
5. сацаран хьаьркаш нийса йаххар.

**Тест 4**

**ТIедахкарийн маххадоран барамашца болх эханал кIезиг кхочуш ца бинехь:**

1. «5» дуьллу;
2. «3» дуьллу;
3. «4» дуьллу;
4. «2» дуьллу;
5. хIуммаъ ца дуьллу.

**Тест 5**

**Диктантах, а, тIедахкарех а (фонетикин, лексикин, орфографин, грамматикин, пунктуацин) лаьттачу талламан белхашкахь…**

1. ши оценка йуьллу (диктантана а, тIедилларна а);
2. цхьа оценка бен ца йуьллу (диктантана а, тIедилларна а);
3. диктантана цхьа оценка а, тIедахкаршна ши оценка а йуьллу;
4. нийса жоп дац;
5. дерриг жоьпаш нийса ду.

**Тест 6**

**Дешаран шеран чаккхенгахь 7-чу классан дешархойн диктантан дешнийн барам бу:**

1. 105 –120 дош;
2. 120 – 135 дош;
3. 80 – 90 дош;
4. 90 – 105 дош;
5. 160 – 170 дош.

**Тест 7**

**Дешаран шеран чаккхенгахь 9-чу классан дешархойн диктантан дешнийн барам бу:**

1. 135 –150 дош;
2. 120 – 135 дош;
3. 80 – 90 дош;
4. 90 – 105 дош;
5. 160 – 170 дош.

**Тест 8**

**Нохчийн маттехула йолчу талламан диктантан маххадорехь «3» дуьллу, нагахь …**

1. 2/2, 1/3, 0/4, 3/0, 3/1 сов гIалат дацахь;
2. 0/0, 0/1, 1/0 сов гIалат (орфографин а, пунктуацин а) дацахь;
3. 4/4, 3/5, 2/7, 5/4, 6/3 сов гIалат дацахь;

4. 4/4, 3/5, 2/7, 5/4, 6/3 сов гІалат делахь.
5. нийса жоп дац.

**Тест 9**
**7-9-чуй классийн дешархойн цІера а, классера а, кхидолу а белхаш кхочушден нохчийн маттехула долу тетрадаш таллар тІедуьллу:**

1. хІора а урок чекхйаьлча, массо а дешархочун;
2. хьалхарчу эхашарахь – хІора урок чекхйаьлча, массо а дешархочун; шолгІачу эхашарахь – хІора урок чекхйаьлча, хаарш ледара долчу дешархойн, вукхеран – кІиранах шозза;
3. керла тема йолайале хьалха – массеран а, кхидолчу хьолехь – харжамца. Муьлххачу хьолехь а хІора тетрадь кІиранах цкъа толлуш хила деза;
4. харжамца, хІора тетрадь баттахь шозза толлуш хила деза;
5. нийса жоп дац.

**Тест 10**

**8-чу классехь йазйечу сочиненин текстан барам хила беза …**

1. 80 дашал сов;
2. 160 дашал сов;
3. 120 дашал сов;
4. 90 дашал сов;
5. 220 дашал сов.

**КЛЮЧИ**

| № теста | Правильный вариант | Баллы |
|---|---|---|
| 1 | 2 | 1 |
| 2 | 3 | 1 |
| 3 | 2,5 | 2 |
| 4 | 2 | 1 |
| 5 | 1 | 1 |
| 6 | 1 | 1 |
| 7 | 1 | 1 |
| 8 | 3 | 1 |
| 9 | 3 | 1 |
| 10 | 2 | 1 |
| | ИТОГО | 11 б. |